

## Lè w ap Vizite Etablisman nou yo

Mass General Brigham konprann vizitè yo ak moun k ap bay sipò yo jwe yon wòl enpòtan nan sante ou ak byennèt ou. Sekirite pasyan nou yo, manm pèsònèl nou an, ak kominote nou an enpòtan anpil pou nou. Nou te mete règ pou vizitè nou an ajou nan dat 6 jiyè 2021. Tanpri li sa anvan ou rive nan etablisman nou yo.

Tout moun ki gen plan vin vizite oswa ki ka vin yon moun k ap bay sipò (tankou patnè pou ede ak akouchman, paran/moun k ap bay swen pou pasyan ki timoun, avoka pasyan, ak moun yo chwazi pou bay sipò pou pasyan ki gen andikap yo) dwe ale sou sitwèb etablisman an menm pou li ka li dènye règleman yo anvan li eseye vin vizite.

Tout vizitè ak moun k ap bay sipò oblije satisfè **kondisyon** yo ki anba a.

- **Brigham and Women's Hospital**
- **Massachusetts General Hospital**
- **Brigham and Women's Faulkner Hospital**
- **Cooley Dickinson Hospital**
- **Martha's Vineyard Hospital**
- **Mass Eye and Ear**
- **McLean Hospital**
- **Nantucket Cottage Hospital**
- **Newton-Wellesley Hospital**
- **Salem Hospital**
- **Spaulding Rehabilitation Network**
- **Wentworth-Douglass Hospital**

Pou moun k ap vizite pasyan ki entène yo

**Depi 6 jiyè, lopital Mass Jeneral Brigham yo te otorize pou gen de (2) vizitè OSWA moun k ap bay sipò pou chak pasyan pa jou.** Sa vle di pasyan ki entène yo ka resevwa de (2) vizitè; de (2) moun k ap bay sipò; oswa yon (1) vizitè ak yon (1) moun k ap bay sipò.

Nan kèk sikonstans, etablisman yo ka bezwen mete restriksyon sou vizit yo.

Sa a se pou pasyan yo pa mete nan izolman paske yo sispèk oswa konfime yo gen COVID-19 nan inite yo epi yo kapab satisfè egzijans yo ki anba a.

## Pou moun k ap vizite pasyan ki pa entène yo

**Depi 15 jen, se yon (1) vizitè oswa moun k ap bay sipò yo otorize nan zòn pou pasyan ki pa entène yo** (zòn pou pasyan yo p ap kenbe nan lopital la, pa egzant, nan sal dijans la, sal pou fè operasyon chirijikal oswa lòt pwosedi, oswa klinik yo).

***N ap raple ou nan kèk sitiyasyon, nou ka oblije limite kantite vizitè yo pou pwoteje sekirite pasyan yo ak manm pèsònèl la.***

Tout vizitè ak moun k ap bay sipò oblije satisfè **kondisyon** yo ki anba a.

## Kondisyon pou tout moun k ap vizite ak moun k ap bay sipò yo

- Y ap fè yon depistaj tout vizitè ak moun k ap bay sipò yo pou wè si yo gen sentòm enfeksyon COVID-19 yo (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, doulè nan misk, oswa si moun nan fenk vin pa ka pran gou oswa sant). Yo p ap kite okenn moun ki gen nenpòt sentòm antre nan etablisman an. Yo p ap kite vizitè ak moun k ap bay sipò ki gen enfeksyon COVID-19 aktif antre. Nan jou vizit la, vizitè ak moun k ap bay sipò yo ka fè **Premye Evalyasyon Anvan Depistaj Mass General Brigham la** oswa fè yon depistaj konplè an pèsòn.
- Tout vizitè ak moun k ap bay sipò yo **dwe mete yon mask etablisman an bay** tout tan yo nan etablisman nou yo; yo p ap aksepte moun mete okenn mask oswa lòt ekipman pou pwoteksyon ki pa soti nan lopital la. Tout vizitè ak moun k ap bay sipò oblije pwòpte men yo lè y ap antre nan etablisman an.
- Yo p ap kite vizitè ak moun k ap bay sipò yo antre si vizit la te ka poze yon gwo risk nan kontwòl enfeksyon pou pasyan yo, vizitè a, oswa manm pèsònèl la.

*Nou te revize dokiman sa a 6 jiyè 2021.*

